

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaayaan pangajaran basa Sunda, kiwari ngalaman bangbaluh. Di antarana pangajaran basa Sunda teu pati dipikaresep ku siswa lantaran pangajaranana dianggap *monoton*. Hal ieu disababkeun ku pamahaman guru nu kawatesanan, pola diajar ngajar nu teu *inovatif*, jeung kaayaan sosial nu teu ngadukung kana ieu prosés pangajaran.

Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu pohara penting dina kahirupan, henteu ngan penting dina kahirupan atikan, tapi ogé pohara penting dina kahirupan masarakat. Éta kaparigelan nulis pohara penting sabab mangrupa salahihiji kaparigelan basa anu kudu dipiboga ku siswa. Ku cara nulis siswa bisa ngébréhkeun atawa ngaékspresikeun gagasan atawa pamadegan, pamikiran, sarta rasa anu dipiboga. Salian ti éta kagiatan nulis bisa ngamekarkeun daya pikir sarta kréativitas siswa.

Nulis minangka hiji kaparigelan ngagunakeun basa anu dipaké pikeun alat komunikasi sacara henteu langsung. Nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung ékspresif (Tarigan, 2008:3). Kaparigelan anu produktif nya éta kaparigelan hiji jalma pikeun ngébréhkeun ide, pikiran, pangaweruh, élmu, sarta pangalaman. Nulis ogé dipangaruhan ku kaparigelan produktif séjénna, saperti aspék nyarita jeung kaparigelan *reseptif* nya éta maca sarta ngaregepkeun.

Kalolobaan guru basa Sunda, dina prak-prakanana ngajardeun nulis, sok ngagunakeun métode ceramah, padahal kaparigelan nulis téh kaasup kana kaparigelan produktif, ku lantaran *penggunaan* métode anu salah, antukna pangajaran ngeunaan nulis ngalaman bangbaluh. Hal anu dijadikeun *indikator* dina pangajaran nulis teu kahontal. Ku ayana ieu hal nandakeun yén guru basa Sunda kawatesanan dina pamahamananana. Faktor nu ngalantarankeunana nya éta kasang tukang dina atikanana, kiwari loba guru basa Sunda nu lain lulusan ti

jurusan pendidikan basa Sunda ngajar basa Sunda kalayan alesan, kurangna guru basa Sunda di éta sakola jeung ku lantaran aya guru nu kakurangan jam ngajar, nu antukna ngajar basa Sunda sangkan jangkep 24 jam ngajarna.

Lian ti éta dina nulis téh diperlukeun ayana hubungan kohési jeung kohérénsi antara kalimah hiji jeung kalimah séjénna, antara paragraf nu hiji jeung paragraf saterusna, nepi ka jadi hiji karangan anu alus sarta gembleng. Ku lantaran kitu, pangajaran nulis dianggap pangajaran anu hésé ku siswa. Masalahna siswa kurang parigel dina néangan ide jeung kecap-kecap anu *variatif* dina ngarang, siswa ogé kurang parigel dina ngagunakeun éjahan sarta siswa ogé kurang parigel dina ngadalitkeun atawa nyaluyukeun paragraf hiji jeung paragraf saterusna.

Masalah-masalah nu geus dijéntrékeun di luhur kudu gancang diréngsékeun, lantaran saupama ieu masalah diantep kitu baé, tangtuna pangajaran basa Sunda di sakola bakal terus ngalaman bangbaluh, nu kalilaan ieu pangajaran téh moal dipaliré ku siswa, tur siswa moal ngarasa butuh kana ieu pangajaran.

Pikeun ngungkulan masalah nu kaalaman ku siswa dina pangajaran nulis, guru kudu parigel dina milih jeung nyaluyukeun modél pangajaran kana matéri tiap kompétnensi dasar. Salasahiji modél *alternatif* anu bisa dipaké dina pangajaran nulis karangan déskripsi nya éta modél *Writing Workshop*.

Pangajaran nulis, hususna nulis karangan déskripsi nya éta pangajaran nulis karangan nu miboga gambaran verbal ngeunaan manusia, objék, rigig, pamandangan, atawa kajadian. Cara nulisna ngagambarkeun hiji hal satékah polah nepi ka pamaca mampuh (seolah-olah ngarasakeun, nempo, ngadéngé jeung ngalaman) sakumaha nu dipersepsi ku panca inderana. (Alwasilah, 2013:114). Ku lantaran kitu, pangajaran nulis ngagunakeun modél *Writing workshop* dipiharep siswa bisa leuwih bebas ngébréhkeun ide atawa gagasanna jeung ngarojong siswa sangkan miboga pamahaman nu leuwih jembar ngeunaan matéri nu aya. Sabab modél *Writing Workshop*, nya éta modél pangajaran anu *resiprokal*, ayana hubungan nu pro-aktif antara guru jeung siswa. Dina ieu model, siswa dilatih nulis sacara *intensif* ngaliwatan sababaraha tahap, ti mimiti guru nerangkeun éta modél

népi ka siswa bisa nyieun tulisan kalawan alus. Tangtuna ieu hal téh ngaliwatan prosés anu lumayan panjang jeung ngabutuhkeun bingbingan ti guru.

Panalungtikan ngeunaan karangan déskripsi ogé kungsi ditalungtik ku Gumilar (2007) dina skripsina anu dijudulan “Kamampuh Ngarang Déskripsi Siswa Kelas X SMA Yas Bandung Tahun Pelajaran 2007/2008”, tapi dina éta panalungtikan téh teu ngagunakeun modél pangajaran. Aya ogé anu ngagunakeun média, nya éta Rosmanah (2007) dina skripsina anu dijudulan “Kamampuh Nulis Karangan Déskripsi Ngagunakeun Média Gambar di Kelas VIII SMPN 1 Parongpong”. Aya deui panalungtikan nu dilakukeun ku Ubaidillah (2010) “Pemanfaatan Média *Computer Based Instruction (CBI)* sebagai Upaya Meningkatkan Pembelajaran Menulis Karangan Deskripsi (Penelitian Tindakan Kelas Terhadap Kelas X SMK Shandy Putra Tahun Ajaran 2010/2011)”, Rolianti (2009) “Penerapan Teknik Permainan Arisan pada Siswa Kelas X SMA AL MASOEM Jatinangor Sumedang sebagai Upaya Meningkatkan Kemampuan Menulis Deskripsi Siswa”, jeung Firmansyah (2007) “Penggunaan Media Gambar Berwarna sebagai Upaya Meningkatkan Keterampilan Menulis Karangan Deskripsi (Penelitian Tindakan Kelas terhadap Kelas X SMAN 10 Bandung Tahun Ajaran 2006/2007)”.

Loba deui modél pangajaran nu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan nulis, hususna dina nulis karangan déskripsi, diantarana waé modél pangajaran anu rék ditalungtik ku panalungtik. Modél pangajaran *Writing Workshop* ieu minangka *alternatif* modél pangajaran nulis karangan deskripsi. Ku kituna, dipiharep bisa ngungkulan masalah siswa dina pangajaran nulis.

Modél *Writing Workshop* dipiharep leuwih ngirut ati atawa bisa leuwih dipikaresep ku siswa kelas VII SMP Negeri 14 Kota Sukabumi pikeun ngébréhkeun sawangan jeung pamikiranna dina karya tinulis hususna dina nulis karangan déskripsi jeung dipiharep kaparigelan nulis déskripsi bakal leuwih ngaronjat.

Dumasar kana masalah-masalah anu geus dijéntrékeun di luhur, panalungtikan ngeunaan “Efektivitas Modél *Writing Workshop* dina Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 14 Kota Sukabumi Taun Ajaran 2013/2014)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Ieu panalungtikan téh nalungtik ngeunaan kamampuh nulis karangan ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop* dina nulis karangan déskripsi siswa SMP Negeri 14 Kota Sukabumi Taun Ajaran 2013/2014. Ieu panalungtikan museur kana kamampuh nulis karangan déskripsi siswa di kelas ékspérimén nu ngagunakeun modél *Writing Workshop*, kamampuh nulis karangan déskripsi di kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional*, jeung aya bédana anu signifikan antara kelas ékspérimén nu ngagunakeun modél *Writing Workshop* jeung kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional*.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Ngarumuskeun masalah dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting. Ku kituna, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh dina ngumpulkeun data. Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah nu dipidangkeun dina wangu pananya, ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa nulis karangan déskripsi di kelas ékspérimen nu ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa nulis karangan déskripsi di kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional*?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh siswa di kelas ékspérimén nu ngagunakeun modél *Writing Workshop* jeung kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional* dina nulis karangan déskripsi?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

INTAN FIRDAUSI APRILIAN, 2014

*Efektivitas Model Writing Workshop Dina Pangajaran Nulis Karangan Deskripsi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan téh pikeun nguji naha modél pangajaran *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 14 Kota Sukabumi.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa nulis karangan déskripsi di kelas ékspérimen nu ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*;
- b. kamampuh siswa nulis karangan déskripsi di kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional*; jeung
- c. bédana anu signifikan antara kamampuh siswa di kelas ékspérimen nu ngagunakeun modél *Writing Workshop* jeung kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional* dina nulis karangan déskripsi.

## 1.4 Métode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan métode nu baris dipaké nya éta métode ékspérimental murni. Métode ékspérimental murni (*true experimental*) nya éta métode anu maluruh kamungkinan hubungan sebab-akibat ku cara dilarapkeun kana hiji atawa leuwih kelompok eksperimental, hiji atawa leuwih kelompok eksperimental, hiji atawa leuwih kondisi perlakuan jeung ngabandingkeun hasil jeung kelompok kontrol.

Lantaran metode ieu ngayakeun pretest jeung postes di kelompok kontrol jeung ékspérimental, jadi metode ékspérimental murni ieu ngagunakeun *pretest-postest control group design*.

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tiorotis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban jeung neuleuman ngeunaan modél pangajaran *Writing Workshop* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis karangan déskripsi.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna, hususna pikeun nu nulis, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu miboga kapentingan kana ieu panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep, saperti ieu di handap.

- a. Panalungtik bisa nyaho kumaha kamampuh siswa di kelas ékspérimén nu ngagunakeun modél *Writing Workshop* jeung kelas kontrol nu ngagunakeun modél *konvensional* dina nulis karangan déskripsi.
- b. Ngalatin siswa sangkan bisa mekarkeun basa jeung pangaweruh anu dipiboga dina wangu déskripsi.
- c. Bisa nambahán élmu pangaweruh dina nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop* pikeun nu macana.

### 1.6 Struktur Skripsi

BAB I BUBUKA, nu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat tiorotis panalungtikan, mangpaat praktis panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II ULIKAN TIORI, RARAGA MIKIR, JEUNG HIPOTÉSIS nu ngawengku modél pangajaran, modél pangajaran *writing workshop*, nulis, karangan déskripsi, raraga mikir, jeung hipotesis.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN nu ngawengku lokasi, populasi jeung sampel panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, prosedur

panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data panalungtikan, sarta téhnik ngolah jeung analisis data.

BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN, nu ngawengku hasil panalungtikan, jeung pedaran ngeunaan Éfektivitas Modé尔 Writing Workshop dina Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 14 Kota Sukabumi Taun Ajaran 2013/2014).

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN, nu ngawengku kacindekan jeung saran.

